

NÒT POU LAPRÈS

BABYLONE

BABILÒN SE YON EKSPOZISYON KI PREZANTE ATIS KI TRAVAY AK LAPAWÒL, yon pati nan langaj ki difisil pou defini, yon malantandi pèmanan ki menase tout echanj ak tradiksyon, plizyè konsèp yon mo genyen nan diferan lang. Nou pral etidye lang pliryèl, lang etranje, ak lang yo bliye pafwa yo nan ekspozisyon sa a epi nou ta renmen devwale pwoblèm ak aspè ki pa estanda pou lang yo. Ekspozisyon *Babilòn* nan sipòte atis ki kreye fòm pou mo ak mo pou fòm. Alfabè ki pèdi, neyolojis esansyèl, oswa “prezantasyon pou prezantasyon” pral pouse nou soti nan lalasyon pou ale nan apori, atravè yon refleksyon sou detèminasyon langaj.

Langaj afekte nou tout aske li se fenèt pou nou antre nan monn nan. Li se yon fòm ou ka transmèt ak transfere, yon transfòmasyon monn ki tradwi ak eksplike a, men ki trayi li tou. Lang natif natal nou fòme fason nou wè bagay yo. Yon lang pèfòmativ gen yon aksyon kote *lè ou di vle di pou fè*. Yon lang powetik se yon esans literati, li se yon lang k ap kontanple tèt li kòm yon antite ayestetik. Yo pratike rityèl lang orijinal yo ak fason yo pale ak ekri yo nan mistè ak mit.

Vokal oswa grafik, langaj siy oswa langaj figi, atifisyèl oswa natirèl, vivan oswa mouri, ofisyèl oswa kote - gen yon kokennchenn lang ki egziste epi vin gen mwens divèsite akòz mondyalizasyon. Menm, yon konpreyansyon mityèl pa sipoze inivòk, konsansyèl, oswa nòmativ. Okontrè, li dwe pataje plizyè sans. Menm jan “limit monn mwen” (Ludwig Wittgenstein) se limit lang mwen, lè ou aprann yo sa vle di ou aprann lòt monn posib. Sa ble di tou konprann “gwo konsèp esansyèl kilti nou, epi ki ede nou konprann yon ide sa ki “vrè” ” (Roland Barthes). Paske nou pa konprann bagay yo *jan yo ye a vre*, èske n ap viv nan monn nan tankou yon lòt moun lè n ap viv atravè lang la? Oswa èske li vle di pou nou reve, chanje, ak kreye li jan atis yo sijere a?

Atis yo

Camille Bondon

Erik Bullo

Valery Chtak

Dora García

Valère Novarina

Charles Pennequin

Dominique Petitgand

Mladen Stilinović

Konsèvatè

Nicolas Audureau

—

Babilòn

4 fevriye a 25 mas 2017

Ouvèti

Vandredi 3 fevriye 2017 a 7è diswa

Aksè

Antre gratis

Madi jiska samdi:

2è delaprèmidi a 6è diswa